



GID OFISYÈL POU ENSANDI AK SEKIRITE LAVI

KONTNI

2

IJANS AK
EKSTENKTÈ DIFE

4

GEN DETEKTÈ
LAFIMEN/CO KI
FONKSYONE

6

KLE POU PLANIFYE
EVAKYASYON

8

KONNEN KALITE
BILDING OU AP
VIV LA

10

EVITE KAT (4)
PRENSIPAL KOZ
ENSANDI YO

13

KONNEN SA POU
W FÈ SI...

14

POPILASYON
A RISK

15

SEKIRITE SEZONYE

16

PLAN EVAKYASYON NOU AN



Eskane oswa ale sou
FDNYSmart.org
pou videyo ak plis toujou!

Suiv @FDNY pou plis konsèy sou sekirite!



FDNYSmart se yon inisyativ Fondasyon
FDNY ansanm ak patnè li yo.
Aprann plis sou fdnyfoundation.org

IJANS AK EKSTENKTÈ DIFE

Rele 911

Rele 911 nenpòt lè gen yon menas pou lavi ou oswa pwopriyete ou, tankou dife, lafimen, sant gaz oswa ijans medikal. Li enpòtan pou rele 911 san pèdi tan paske sitiyasyon an kapab vin pi mal byen rapid.

Lè w rele 911...

Ret kalm. Konnen kote ou ye a.

Si ou pa konn ki kote w ye, chèche idantifye bilding yo, moniman yo ak ansèy lari yo.

Reponn kesyon ekspedite a.

Repons ou bay yo ap ede yo detèmine ki kalite èd ou bezwen epi ki moun pou yo voye ede w.

Suiv enstriksyon yo.

Ekspedite a jwenn fòmasyon pou eksplike kijan pou fè aksyon premye sekou a pandan èd la nan wout.



Sonje sa: Rele 911 pou ijans sèlman!

Ekstenktè dife

Ekstenktè dife pòtab yo kapab yon eleman enpòtan pou sekirite lakay ou.

Sa ki pi enpòtan itilizatè yo dwe konn kijan ak kilè pou yo itilize yon ekstenktè. Si yo pa byen itilize li, sa kapab lakoz dife a gaye, gwo blese oswa lanmò.

Dife bezwen gaz, oksijèn ak chalè pou li pran.

Lè ou byen itilize yon ekstenktè, li aplike yon ajan apwopriye ki ap refwadi gaz ki pran dife a oswa ki ap retire oksijèn nan yon fason pou dife a pa kontinye pran.

Ou dwe itilize kalite ekstenktè ki apwopriye pou dife ki koresponn avèk li a.

Yo klase ekstenktè dife pòtatif yo pou itilize yo pou yon seri kalite ensandi epi yo klase yo selon efikasite pou yo etenn dife a.

TWA (3) KLAS EKSTENKTÈ

Klas A

Pou bagay òdinè
ki ap boule
(bwa, papye)

Klas B

Pou grès,
gazolin
ak luil

Klas C

Pou fil elektrik
ki pran dife

Yo kapab itilize lòt yo pou tout kalite dife.

Yon ekstenktè ki klase 2-A:10-B:C

apwopriye pou etenn tout klas dife yo.

Asire w ou byen li enstriksyon fabrikan an bay.

Yo dwe itilize sipò fabrikan an bay pou pandye ekstenktè yo yon kote oswa yo dwe mete yo sou yon etajè ki aksesib avèk enstriksyon pou itilize yo a pa deyò.

Lè ou ap itilize
yon ekstenktè dife,
sonje pou itilize

AKWONIM

P A S S



- P** Rale epeng lan (Pull)
- A** Atake baz dife a (Aim)
- S** Peze manch lan epi (Squeeze)
- S** Sekwe adwat agòch (Side-to-side)



FÈ MENTNANS NAN EKSTENKTÈ

Chak mwa, enspekte tout ekstenktè yo avèk je w.

- Asire w ekstenktè a yon kote ki fasil pou jwenn epi li pa yon kote ki bouche.

- Verifye si pati pa deyò ekstenktè a andomaje, tankou kolboso, fisire oswa wouye.

- Si ekstenktè a gen yon endikatè, asire w zegwi endikatè a bay sou pati koulè vèt nan kadran an ki make "chaje" a.

- Asire w ti epeng lan ansanm ak jwen sekirite a nan plas yo epi yo pa andomaje.

- Verifye si tiyo a ansanm ak bèk la (si li gen youn) pa bouche epi yo pa gen okenn siy ki montre yo andomaje oswa yo la lontan.

- Sekwe ekstenktè a anwo anba pou dekole nenpòt ajan ekstenktè ki fè mas.

- Asire w ou kapab li etikèt la epi li bay deyò lè ekstenktè a monte.

GEN DETEKTÈ LAFIMEN/CO KI FONKSYONE

DETEKTÈ LAFIMEN AK MONOKSID KABÒN (CO) KI FONKSYONE YO SOVE LAVI
 moun piske yo ba ou menm ak pwòch ou yo yon siyal avètisman byen bonè pou fè w konnen gen yon pwoblèm. Dife ki gaye rapid, ak monoksid kabòn se yon bagay ki touye anbachal.



Alam ki fonksyone yo se eleman ki pi enpòtan nan plan evakyasyon ou an.



Asire w ou gen bon kalite detektè a.

Underwriters Laboratories dwe apwouve detektè yo (**chèche yon mak UL**) epi yo dwe gen yon son pou avèti lè yo ap fini. Tout detektè lafimen yo, kit yo tou nèf oswa yo se ranplasman, dwe gen yon batri ki sele pou 10 lane ki pa kapab ranplase ni retire.

Chèche gen ni yon detektè lafimen ni yon detektè CO

(oswa yon detektè konbine lafimen/monoksid kabòn). Yon kalite detektè pa kapab ranplase yon lòt.

Si detektè ou a toujou itilize batri ki kapab soti, asire w ou ranplase detektè sa yo avèk sa ki gen batri ki sele pou 10 lane kou sa posib.

ENSTALASYON DETEKTÈ

- Enstale detektè yo kote ou konn dòmi an epi nan chak etaj lakay ou, san wete anba lakay yo.

- Mete detektè yo nan plafon an, sitou prèske nan mitan chanm nan, men li pa dwe nan mwens pase 4 pous parapò ak yon mi. Si ou dwe enstale detektè a sou yon mi, ou dwe mete li ant 4 rive 12 pous nan plafon an.

- Reflechi ak posibilite pou enstale detektè ki konekte youn ak lòt, yon fason pou tout detektè yo deklannche lè youn deklannche.

MENTNANS POU DETEKTÈ

- Peze bouton tèl la pou teste detektè ou yo chak mwa.

- Ranplase detektè yo chak 10 lane oswa lè detektè a bay siyal ki montre li prèske fini epi li dwe ranplase.

- Toujou pwòpte detektè yo lè ou retire pousyè oswa pase aspiratè regilyèman.

LÈ YON DETEKTÈ SONNEN

- Si yon detektè CO sonnen, ou menm ak fanmi w dwe kouri soti san pèdi tan epi rele 911.

- Si yon detektè lafimen sonnen, asire w ou suiv plan evakyasyon an.

- Si yon detektè deklannche pa aksidan, peze bouton silans lan oswa bouton reynisyalizasyon a pou kanpe detektè a. Ouvri fenèt la epi limen vantilatè yo pou pirifye lè a.

- Byen souvan, se vapè nan douch oswa nan kizin yo ki konn deklannche detektè yo pa aksidan. Panse pou deplase detektè ki souvan deklannche pa aksidan yo.



Yo dwe enstale detektè espesyal pou moun ki pa tande byen oswa ki soud yo. GEN LIMYÈ ESTWOBOSKOPIK AK BAGAY POU SEKWE KABANN KI DISPONIB.



Egzanp yon detektè ki gen yon batri ki sele pou 10 lane.

REYALITE


Nan ane ki pase yo, 70% lanmò nan dife yo te rive nan kay kote detektè lafimen ak monoksid kabòn yo pa t fonksyone.

Risk pou mouri nan yon ensandi a vin diminye amwatye lè kay ou gen yon detektè lafimen/monoksid kabòn ki ap fonksyone.

Sonje sa: Se sèlman detektè ki fonksyone yo ki sove lavi!

KLE POU PLANIFYE EVAKYASYON

Fè pwòp kat ou nan paj 16 la



Nonsèlman ou dwe gen detektè lafimen ak monoksid kabòn (CO) lakay ou, li enpòtan tou pou gen yon plan evakyasyon nan ka kote gen ijans. Tou moun lakay ou dwe patisipe nan kreye plan sa a epi yo dwe pratike li regilyèman. **Nan kad pwosesis plan evakyasyon ou an, asire w ou konnen si ou ap viv nan yon bilding ki reziste anba dife oswa ki pa reziste anba dife.** Lè ou konnen si yon estrikti kapab reziste anba dife oswa li pa reziste anba dife, sa ap ede w detèmine si ou dwe rete oswa si ou dwe ale, selon sikonstans dife a nan bilding ou an. **Toujou koute enstriksyon manm pèsònèl Sèvis Ponpye a bay lè gen ijans.**

Sonje sa: Nan yon ensandi, rete bese epi soti!

Planifye

Mache nan tout kay la epi enspekte tout posibilite pou soti yo. Asire w pa gen okenn bagay ki ranje oswa ki ankonbre tout wout evakyasyon yo ansanm ak koulwa yo. Konsidere posibilite pou desine yon plan kay ou a epi prevwa de (2) kote pou soti nan chak zòn kote ou konn dòmi. Si ou ap viv nan yon apatman ki gen twa (3) inite oswa plis, egzamine Plan Sekirite pou Ensandi li a.

- Asire w ou idantifye yon wout evakyasyon prensipal ak youn ki segondè.
- Aprann tout moun ki lakay ou kijan pou debloke epi ouvri fenèt yo, pòt yo ak tout aparèy sekirite yo.
- Fè tout moun lakay ou sonje pou yo fèmen pòt yo lè yo ap soti.

- Chwazi kèk moun nan fanmi an pou ba yo responsab pou reveye timoun oswa granmoun yo.

- Planifye ki kote nou ap rankontre lè nou deyò kay la.

- Met aksan sou enpòtans pou rele 911 yonfwa nou yon kote ki san danje.

- Sonje sa, ou kapab itilize eskalye sekou yo kòm wout evakyasyon segondè.

Pratik

SÒTI


Asire w egzèsis ki fèt nan kay la reyalis.

Piske pifò ensandi konn rive lannuit, kòmanse fè egzèsis yo nan zòn kote nou dòmi yo epi fè lakay ou fènwa kòm si te gen lafimen.

- Kòmanse egzèsis la avèk son detektè lafimen an.

- Fè pratik pou evakye nan lafimen an pandan ou ap ranpe sou men ak jenou ou.

- Suiv plan evakyasyon an depi nan kòmansman, rive jis kote nou chwazi pou nou rankontre deyò lakay ou a.



Apatman rezidansyèl ki gen twa (3) inite kote moun abite oswa plis yo gen obligasyon, anba Kòd Ensandi Vil New York la, pou devlope yon Plan Sekirite Ensandi pèsonalize.

Nan plan sa a, dwe gen konsèy debaz pou kesyon sekirite ensandi ak enfòmasyon sou bilding lan, tankou kalite konstriksyon a, kalite sistèm sekirite ensandi yo ak diferan fason pou soti nan bilding lan nan ka kote gen dife oswa pandan evakyasyon.



Manm pèsònèl bilding lan dwe:

- Afiche plan an anndan, sou pòt prensipal chak apatman.

- Afiche plan an nan zòn kote tout moun konn pase.

- Distribiye yon kopi nan chak inite.

- Bay nouvo lokatè yo yon kopi pandan yo ap siyen kontra lwaye a.

- Redistribye Plan Sekirite Ensandi a chak ane pandan Semèn Prevansyon Kont Dife a nan mwa oktòb.

KONNEN KALITE BILDING OU AP VIV LA

Kalite bilding ou ap viv la gen yon efè sou fason ou menm ak pwòch ou yo dwe planifye pou yon ensandi epi evakye nan yon ensandi.



Si ou pa konn si bilding ou an reziste anba dife oswa li pa reziste anba dife, eskane kòd QR la pou ale sou sit entènèt Depatman Bilding (Department of Buildings).

Si bilding ou an pa nan lis la, tanpri rele 311.

Anfèt, lè ou konnen si ou ap viv nan yon bilding ki reziste anba dife oswa ki pa reziste anba dife, sa kapab sove yon vi.

Sonje sa, si ou nan gwo danje akoz yon ensandi oswa si gen dife ki pran nan apatman ou an, soti san pèdi tan epi rele 911. Toujou koute enstriksyon Sèvis Ponpye a bay nan ka kote gen yon ijans.

BILDING KI PA REZISTE ANBA DIFE

Si ou ap viv nan yon estrikti ki pa reziste anba dife epi vin gen yon dife ki pran nan bilding ou an, an jeneral li pi pridan pou sòti san pèdi tan. An jeneral, li pa fasil pou dife ki pran nan estrikti ki pa reziste anba dife yo konfine nan yon pati nan bilding lan, epi dife sa yo kapab gaye byen vit.

BILDING KI REZISTE ANBA DIFE

Si ou ap viv nan yon bilding ki reziste anba dife, an jeneral li pi pridan pou rete nan apatman an olye ou al pase nan yon seri koulwa ki danjere epi ki gen lafimen. An jeneral, ensandi ki pran nan bilding ki reziste anba dife yo ap konfine nan pati nan bilding lan kote dife a te pran an. Epitou, si dife a pran anba apatman ou an, gen risk pou ou pran nan chalè ak lafimen ki ap monte nan eskalye yo.

Chèche konn tout fason ou kapab soti an sekirite!

Si ou ap viv nan yon bilding ki reziste anba dife epi moun ki pwòch ou yo pa nan gwo danje ensandi oswa pa gen yon dife ki pran anndan apatman ou an, fè sa ki vin apre a:

- Kite pòt ou fèmen.
- Mete riban adezif ki fèt an twal, dra oswa sèvyèt mouye sou pòt la oswa nan twou ki nan pòt la.
- Etenn klimatizè yo.
- Ou kapab ouvri fenèt yo nan kèk pous, sof si flanm yo oswa lafimen an ap soti dirèkteman anba a.
- Pa kraze fenèt yo, paske ou kapab bezwen fèmen yo annapre.

- Rele 911 epi bay ekspedite a nimewo apatman ou an ak yon deskripsyon sou kondisyon yo. Suiv enstriksyon ekspedite a bay yo; yo jwenn fòmasyon pou ede w.

- Sonje pou toujou koute enstriksyon manm pèsònèl Sèvis Ponpye yo bay pandan yon ensandi oswa yon ijans.


Yonfwa ou fin gen enfòmasyon sou kalite bilding ou ap viv landan li an, mete yo nan plan evakyasyon ou an.



NAN KA ENSANDI

✗ PA FÈ SA

**ITILIZE ASANSÈ YO
ITILIZE ESKALYE YO**



EVITE KAT (4) PRENSIPAL KOZ ENSANDI YO

#1 Sekirite nan kizin

Prepare manje se prensipal bagay ki lakoz dife pran nan yon kay epi moun boule.



Lè w ap fè manje...



- **Asire** w pa gen timoun azalantou fou a lè w ap fè manje.

- **Pa** kite sèvyèt an papyè, ti tòchon kizin oswa lòt bagay ki kapab pran dife ozalantou fou a.

- **Kuit** manje nan tanperati yo bay nan reglaj yo olye ou kuit manje nan tanperati ki regle pi wo.

- **Netwaye** ekipman pou fè manje yo, fou a ak zòn ozalantou fou a regilyèman.

- **Chèche** gen yon kouvèti kaswòl ak/oswa bikabonat soud toupre pou toufe yon dife ki pran nan kaswòl.

- **Si** gen yon dife ki pran, fèmen fou a epi kouvri kaswòl la.

- **Fèmen** fou a anvan ou vide bikabonat soud la sou dife a.



- **Pa** kite manje ap kuit san siveyans.

- **Pa** mete rad ki laj pandan ou ap fè manje.

- **Pa** ranmase yon kaswòl ki pran dife.

- **Pa** itilize dlo pou etenn yon dife ki pran nan kaswòl. Sa ap lakoz dlo a gaye epi dife a pwopaje.

#2 Sekirite elektrik

Priz kouran ki gen anpil chaj sou yo se youn nan prensipal bagay ki lakoz dife pran nan kay.


Èske w te konnen sou chak twa (3) dife kouran elektrik lakoz, gen de (2) ki rive paske te gen twòp aparèy ki konekte, tankou frijidè, klimatizè ak anpoul?



Suiv règ sa yo...



FÈ SA

- **Asire** w ou itilize anpoul ki gen pisans ki adapte avèk plafonye a.
- **Pwoteje** fil kouran yo pou yo pa koupe.
- **Asire** w kab elektrik ansanm ak aparèy elektrik ou yo gen mak .
- **Itilize** aparèy elektrik ki gen twa (3) branch yo nan priz ki gen twa (3) tèt.
- **Itilize** alonj elektrik yo sèlman pou itilizasyon tanporè.
- **Itilize** fildetè pou izole fuit kouran yo atè (GFCI) chak fwa yon priz elektrik twouve li nan distans sis (6) pye yon sous dlo (pa egzanp, evye, lavabo).



PA FÈ SA

- **Pa** itilize kab elektrik ki andomaje.
- **Pa** pase kab elektrik yo anba tapi oswa kapèt, oswa toutotou yon seri objè, oswa pa pandye yo nan klou.
- **Pa** mete twòp chaj sou priz kouran yo. Miltipriz yo landan li tou.
- **Pa** itilize alonj, kèlkeswa endikatè yo, pou aparèy ki rale anpil kouran yo.
- **Pa** ploge aparèy ki rale anpil kouran, tankou yon frijidè oswa yon klimatizè, nan menm priz oswa nan menm sikui.

Miltipriz ak Pwoteksyon kont twòp chaj yo pa toujou pwoteje konn ensandi. Si ou gen anpil miltipriz, petèt ou gen twò piti priz lakay ou epi ou dwe ale kot yon pwofesyonèl.

#3 Fimen an Sekirite

Fimen ak neglijans rete youn nan prensipal koz lanmò nan ensandi. Moun ki fimen yo gen sèt (7) fwa plis chans pou yo viktim yon ensandi pase moun ki pa fimen yo.



FÈ SA

- **Itilize** sandriye ki laj, ki fon epi ki pa gen pwent.
- **Verifye** ranbouraj ak kousen yo pou asire w pa gen rès sigarèt limen.
- **Tranpe** rès sigarèt yo nan dlo konplètman anvan ou jete yo.



PA FÈ SA

- **Pa** kite moun fimen toutotou yon estokaj oswa pou yo itilize yon boutè oksijèn.
- **Pa** kite sigarèt tou limen nan yon sandriye.
- **Pa** kite yon sandriye sou manch yon kanape oswa yon chèz.
- **Pa** fimen nan kabann oswa pandan ou kouche.
- **Pa** fimen lè ou ap kabicha oswa lè ou ap pran medikaman ki fè w dòmi.

#4 Konsèy sekirite pou batri Lithium-ion



Yo itilize batri lithium-ion yo nan diferan aparèy. Yo souvan itilize batri sa yo nan telefòn selilè, laptop, tablèt, machin elektrik ak eskoutè (scooters). Batri lithium-ion yo estoke yon gwo kantite enèji epi yo kapab vin yon menas si yo pa jere yo kòrèkteman. Menm jan ak tout pwodui, gen yon ti kantite nan batri sa yo ki pa bon. **Yo kapab chofe twòp, pran dife oswa eksplòze.**

- Lè ou ap achte aparèy, asire w ekipman an gen mak Underwriters Laboratories.



Mak (UL) la montre yo te pase pwodui a anba tèss sekirite.

- Suiv enstriksyon fabrikan an bay sou fason pou chaje epi estoke yo.

- Pa mete yon aparèy anba zorye, anba kabann oswa sou yon kanape pandan li ap chaje.

- Toujou itilize kab ansanm ak adaptè pou bay chaj fabrikan an fè pou aparèy la.

- Konsève batri/aparèy yo nan tanperati nòmal. Pa mete yo dirèkteman nan limyè solèy la.

- Estoke batri yo lwen nenpòt bagay ki kapab pran dife.

- Si yon batri vin twò cho oswa ou remake li gen sant, li chanje fòm/koulè, li gen fuit oswa gen yon bri dwòl ki ap soti nan yon aparèy, sispann itilize li san pèdi tan. Si ou kapab fè sa san danje, mete aparèy la lwen nenpòt bagay ki kapab pran dife epi rele 911.

Elimine Batri yo:

- Li ilegal pou jete batri lithium-ion yo nan fatra oswa pou resikle yo lakay ou.

- Pote batri yo nan yon sant resiklaj batri pou yo resikle yo oswa ale sou **nyc.gov/batteries** pou jwenn enstriksyon sou fason pou elimine yo, se toujou pi bon opsyon.

- Mete batri yo nan sachè poukont yo oswa mete tep nan pwent yo anvan ou elimine yo.

...dife pran sou ou



✓ **KANPE**
PA MACHE
OSWA KOURI.

Sa ap fè dife
a pran plis!



✓ **KOUICHE**
atè.



✓ **WOULE**
atè ale tounen
pou etenn dife a.
Kouvri figi w avèk
men ou.



✓ **REFWADI**
kote ou boule
a avèk dlo.



✓ **RELE**
911 pou èd.

Yon moun kapab boule akòz li gen kontak dirèk avèk yon flann dife ki pa gen anyen sou li, yon likid ki cho, grès oswa yon kote ki cho. Gen anpil boule ki kapab pi pwofon pase jan yo parèt epi yo kapab mande yon konsiltasyon medikal san pèdi tan.

- Retire rad ou kote ou boule a, men pa eseye retire rad ki kole yo.

- Jere boule yo avèk dlo fre (ki pa frèt) ki ap koule.

- Kouvri kote ki boule a ak yon konprès esteril oswa yon dra pwòp.

- Pa janm mete pomad, grès oswa bè kote ou boule a.

- Konsilte yon doktè san pèdi tan pou anpeche boule a vin anfle oswa enfekte.

...ou bezwen pratike reanimasyon kadyo pilmonè (CPR)

Ret kalm. Mande yon moun pou li rele 911 san pèdi tan. Si sa nesèsè, ret tann enstriksyon nan men ekpedite a epi/oswa fè fòmasyon ou te gentan resevwa yo konfyans.

Rezidan Vil New York yo kapab enskri nan yon klas 30 minit gratis sou CPR pa konpresyon sèlman (tanpri note sa, pwogram sa a pa

ofri sètifikasyon CPR nan moman an). Se yon seri manm pèsònèl FDNY EMS ki ap fè klas yo pandan tout ane a diferan kote. Rive kounye a, pwogram nan gentan bay plizyè milye rezidan New York fòmasyon nan teknik sa a ki sove lavi.

Aprann plis sou
fdnysmart.org/cpr

Sonje sa: Kanpe, kouche, refwadi epi rele 911!

14

POPILASYON A RISK

Timoun

Timoun yo se yon popilasyon ki vilnerab. Li enpòtan pou ba yo fòmasyon sou sekirite nan dife ak sekirite lavi. Timoun yo kapab kòmanse jwenn fòmasyon sou sijè sa a depi lè yo gen twa (3) lane. Rete senp epi ensiste sou mesaj yo kapab aprann:

- Ou kapab fè premye sekouris yo konfyans nan ka kote gen ijans. Suiv enstriksyon yo bay yo.

- Dife PA yon jwèt. Pa janm jwe ak dife.

- Lè gen ijans, rete kalm. Pinga w kache epi pa al deyò. Nan yon ensandi, rete bese epi soti.

- Fè timoun yo patisipe nan planifikasyon pou evakye ak egzèsis famiyal yo.



Toujou mete rad ki sekirize oswa ki gen manch kout lè ou ap fè manje.



Granmoun

Gen pi plis risk pou granmoun ki gen 65 lane ak plis yo mouri nan yon ensandi. Epitou, gen pi plis risk pou granmoun yo blese pandan yon ensandi. Twa (3) prensipal bagay ki lakoz granmoun yo mouri nan esandi se fimèn, aparèy chofaj ak fè manje. Men kèk konsèy pou asire sekirite granmoun yo.



FÈ SA

- **Asire** w ou gen detektè lafimen ak monoksid kabòn ki fonksyone.

- **Etenn** rès sigarèt ou yo konplètman si ou konn fimèn.

- **Montre** w vijilan lè ou ap fè manje.

- **Mete** aparèy chofaj yo nan distans omwen 3 pye parapò ak tout sa ki ap boule.

- **Kite** linèt, aparèy oditif ak aparèy pou ede w mache yo toupre kaban nan.



PA FÈ SA

- **Pa** fimèn sou kabann nan oswa pandan w kouche, sitou si ou ap kabicha oswa ou ap pran medikaman.

- **Pa** kite bouji tou limen san siveyans.

- **Pa** kite bouji tou limen pandan nuit lan.

- **Pa** itilize yon fou, recho, machin pou seche rad oswa griyaj pou chofe kay ou.

- **Pa** itilize dlo pou etenn yon dife ki pran nan grès.

- **Pa** mete rad ki laj, tankou yon chemiz denui oswa yon wòb pou chanm lè ou ap fè manje.

- **Pa** itilize kab ki andomaje oswa ki dekale, sitou pou aparèy chofaj tankou lèn yo.

- **Pa** itilize alonj, kèlkeswa endikatè yo, pou aparèy ki rale anpil kouran yo.

Sonje sa: Dife PA yon jwèt!

SEKIRITE SEZONYE

Prentan ak ete

Verifye griyaj ou a anvan epi pandan sezon babekyou a. Yonfwa griyaj la limen, pa janm kite li san siveyans.

Fèt Manman nan mwa me ak Fèt Papa nan mwa jen se bonjan moman pou revize plan evakyasyon fanmi an.

Chak mwa jen, FDNY selebre Semèn Sansibilizasyon Nasyonal CPR/AED. Siveye evènman gratis yo nan awondisman ou an.

Mete rad ki laj, ki lejè epi mete yon chapo pou lite kont gwo chalè a. Pa bliye mete krèm solèy.

Pwofite dlo a an sekirite. Naje toupren mètenajè yo sèlman.

Bouchon bouch ensandi yo se yon bon mwayen ki amizan pou rete fre. Ale nan yon kazèn ponpye nan zòn ou an pou mande youn. Tanpri note sa, ou dwe gen 21 lane oswa plis epi ou dwe montre yon pyès idantite pou jwenn yon kask.

Sonje sa, ou dwe konekte klimatizè yo dirèkteman nan priz ki nan mi an. Pa itilize ralonj pou klimatizè ou a.

Nan 4 jiyè, kite pwofesyonèl yo tire fedatifis yo. Fedatifis ilegal nan Vil New York.

Nan sezon prentan ak ete, selebrasyon **Pourim, Dimanch Ramo, Pak/Pesach, Pak/Pascha, Lag B'Omer, Ramadan ak Eid Al-Fitr** bay yon seri okazyon inik pou pwoteje pwòch ou yo kont danje ki gen nan dife. Egzamine kesyon sekirite nan kizin nan epi asire w detektè lafimen ak CO yo ap fonksyone. Si ou itilize bouji, pa janm kite yo san siveyans. Kostim Pourim yo dwe kapab reziste anba dife. **Pou tout fèt yo, pa bloke wout evakyasyon yo avèk dekorasyon oswa lòt bagay, epi pa mete twòp chaj sou priz elektrik yo.**



Otòn ak Ivè

Fredi ak nèj nan sezon ivè, pi gwo peryòd nan kesyon ensandi yo, se moman ki bay bonjan enkyetid.

Chak ane, an Oktòb, FDNY selebre Semèn Prevansyon kont Dife a. Siveye evènman yo gratis nan awondisman ou an.

Halloween ak Thanksgiving se moman amizan, men, asire w ou revize konsèy sou sekirite yo avèk manm fanmi ou. Kostim ak dekorasyon yo dwe kapab reziste anba dife. Sekirite nan kizin dwe se yon priorite.

Nan tan kote li fè frèt anpil yo, limite sou tan ou pase deyò. Mete yon chapo, gan ak yon echap lè ou deyò.

Pran prekosyon pou evite glise epi tonbe nan tan ki fè frèt anpil. Apre tanpèt nèj yo, montre w pridan lè ou ap ranmase nèj ak pèl.

Pa janm mache sou dlo ki jele, menmsi tanperati a desann ba anpil. Pa gen okenn glas ki san danje.

Sonje pou ou pa janm itilize fou/recho pou chofe kay ou. Lè ou ap itilize aparèy chofaj yo, asire w yo nan yon distans 3 pye parapò ak kabann nan oswa lòt materyèl yo. Pa janm konekte aparèy chofaj nan yon alonj oswa yon miltipriz. Itilize materyèl pou kouvri fil elektrik yo avèk prekosyon.

Pandan Nouvo Ane Linè a, kite pwofesyonèl yo tire fedatifis yo. Fedatifis ilegal nan Vil New York.


Nan sezon Otòn ak ivè, selebrasyon **Yom Kippur, Rosh Hashanah, Nowèl, Chanukah, Kwanzaa, Makar Sankranti ak Holi** bay yon seri okazyon inik pou pwoteje pwòch nou yo kont danje dife lakoz. Egzamine kesyon sekirite nan kizin nan epi asire w detektè lafimen ak CO yo ap fonksyone. Si ou itilize bouji, pa janm kite yo san siveyans. **Pou tout fèt yo, pa bloke wout evakyasyon yo avèk dekorasyon oswa lòt bagay, epi pa mete twòp chaj sou priz elektrik yo.**



Sonje sa: Suiv @fdny pou konsèy sezonye pandan tout ane a!

PLAN EVAKYASYON NOU AN


Afiche li lakay ou ak nan kabinè ou




Egzanp yon kat

-  Sòti de sekou
-  Echèl
-  Fenèt
-  Pòt
-  Detektè Lafimen
-  Pwen rankont

1ye Etaj



2yèm Etaj



Pou plis konsèy sou sekirite, ale sou fdnysmart.org epi suiv @fdny

Rele 911 san pèdi tan pou rapòte ensandi, vapè, lafimen, sant gaz ak ijans medikal!

Rele 311 pou sitiyasyon ki pa ijan